



Empowering the
Blind and
Visually Impaired

Konsantre:

Endepandans pou avèg
ak pwoblèm vizyèl

Akreditasyon:

Association for Education
and Rehabilitation of the
Blind and Visually
Impaired



Gwo Patwone:
The Florida Department of
Education, Division
of Blind Services, the State
of Florida, and United Way
of Broward County

Lighthouse of Broward
5901 Del Lago Circle
Sunrise, FL 33313
Tel: (954) 463-4217
Fax: (954) 764-3825
Vision@lhob.org
www.LHOB.org



Fèy Enfòmasyon

Lighthouse of Broward, ki te fonde an 1973, se sèl asosyasyon prive 501(c)(3) ki pa travay pou fè pwofi nan Konte Broward ki bay sèvis edikasyonèl ak reyabilitasyon konplè ak konsèy pou timoun ak granmoun avèg ak sa ki gen pwoblèm vizyèl. Lighthouse ki sèvi plis pase 2,36 moun chak ane, e ki akredite pa National Accreditation Council for Blind and Low Vision Services, se yon ajans ki se patnè United Way, ak yon manm nan Florida Association of Agencies Serving the Blind, VisionServe Alliance, avèk Nonprofit Executive Alliance of Broward.

MISYON

Misyon yo se bay lidèchip, sèvis, defans pou moun, ak resous ki nesèsè pou amelyore lavi moun ki avèg e ki gen pwoblèm vizyèl nan Konte Broward, epi ba yo pouvwa pou yo viv endepandan, an sante, jwen travay ak lavi miyò.

STATISTIK

Konte Broward, ki gen apeprè 175,000 moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, se konte ki gen plis moun ak pwoblèm vizyèl nan peyi Etazini.

SÈVIS

Men sèvis yo ofri nan biwo a, a domisil, avèk / oswa lòt kote nan kominate a:

Bright Beginnings se yon pwogram devlopman ak sipò ki dire tout ane a pou timoun ak paran yo depi lè yo fèt jiska 5 an.

David and Jean Colker KIDS Program ofri on kan dete ak aktivite 2 wikenn chak mwa ak jou lekòl fèmen pandan ane skolè a pou timoun 6 a 13 zan.

Low Vision Clinic ede kliyan avèk biblik la en jeneral ki pa finn wè byen. Yo kolabore avèk Nova Southeastern School of Optometry nan lokal biwo a. Yo fè suivi a domisil pou montre w kijan pou sèvi ak rès vizyon ki rete w la, epi tou kijan pou w sèvi ak aparèy ki pou ede w wè pi byen. Yo gen dwa voye bòdwo bay konpayi asirans ou pou sèvis sa a.

TeenLIFE se yon pwogram pou jèn adilt ki gen laj 14 a 21 nan. Li konsantre sou eksplorasyon karyè, preparasyon pou travay, eksperyans travay, aprann teknik pou ede w vin endepandan, ak preparasyon pou inivèsite.

Vital Living ede w aprann teknik ki ka ede w viv endepandan, mache san danje, sèvi ak òdinatè, intènèt, telefòn intelijan ak adaptasyon pou gwo teknoloji pòtab nan aparèy pou pran nòt, an plis de konsèy individyèl ak an gwoup. Pwogram Vital Living se yon pwogram ki fèt pou granmoun.

Ready to Work bay kou pou apran idantife talan ak objektif, ekri kourikoulòm, ranpli aplikasyon pou travay, teknik pou al nan intèvyou, konstwi abitid travay konpetitif, aprann kijan pou konpote tèt ou nan travay, ak apran rezoud pwoblèm pou simonte obstak leu wap chèche travay.

*Voye referans paysan sou sit entenèt nou an: www.LHOB.org/referrals